

## AVI PIBLIK POU PWOJÈ PÈMI ENSTALASYON DECHÈ SOLID

**TLA-Holbrook LLC  
Estasyon Transfè ki Pwopoze a  
3 ak 6 Phillips Road  
Holbrook, Massachusetts 02343**

### **Otorizasyon pou Konstwi yon Gwo Enstalasyon pou Jesyon Dechè Solid**

Ak dokiman sa, yo bay yon avi, dapre M.G.L., Chapit 111, Seksyon 150A ak Seksyon 150A1/2, ki endike ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts, (“MassDEP”) te prepare yon **PWOJÈ** pèmi Otorizasyon Konstriksyon (Authorization To Construct, “ATC”) pou yon gwo enstalasyon jesyon dechè solid (“Enstalasyon” oswa “Estasyon Transfè”) ki dwe sitiye sou de teren nan 3 ak 6 Phillips Road, Holbrook, Massachusetts (“Sit” la). Tout Sit la gen ladan apeprè 14.85 ekta tè ke Holbrook Board of Health te afekte pou aktivite jesyon dechè solid yo. Pwomotè a se TLA-Holbrook LLC, 40 Shawmut Road, Canton, MA, 02021

TLA-Holbrook LLC pwopoze pou konstwi yon gwo enstalasyon transfè dechè solid ki ta ka jere jiska 1,000 tòn dechè solid minisipal pa jou (Municipal Solid Waste, “MSW”). Objektif enstalasyon yo pwopoze a se pou aksepte MSW ki soti nan veyikil ranmasaj fatra òdinè ki gen tout gwosè epi triye ak konsolide fatra yo nan wagon sou ray oswa trelè kamyon 100-yad pou transpòte nan divès kote nan tout peyi a pou elimine ak/oswa pou resikle. Enstalasyon yo pwopoze a pral gen ladan yon bilding Estasyon Transfè 22,300 pye kare, balans pou pwa, yon zòn depo rezidansyèl, yon kay pou peze ak bilding biwo, epi ray tren. Zòn travay yo nan Enstalasyon an pral pave. Dlo lapli k ap koule soti nan Enstalasyon an pral kolekte nan yon seri basen kaptaj, basen detansyon, ak galeri detansyon dlo lapli anba tè, y ap trete, epi dechaje yo nan yon kanal sou plas.

To akseptasyon maksimòm matyè chak jou ki pwopoze a se 1,000 tòn pa jou. TLA-Holbrook pwopoze pou opere Enstalasyon an pou aksepte dechè Lendi jiska Vandredi soti 6:00 AM jiska 5:30 PM epi Samdi soti 6:00 AM jiska 1:00 PM, epi fè operasyon netwayaj jiska 9:00 PM Lendi pou rive Vandredi epi jiska 4:00 PM nan Samdi.

Yo ka egzamine aplikasyon an ak PWOJÈ Pèmi an nan biwo Holbrook Town Hall, Board of Health nan 50 N. Franklin Street, Holbrook, MA ant lè fonksyòman 8 am jiska 4 pm Lendi, Mèkredi ak Jedi; epi 8 am jiska 7 pm nan Madi. Yo ka egzamine aplikasyon an ak PWOJÈ Pèmi an sou Entènèt nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/PublicApp/>. Glise desann sou premye ekran an epi nan espas “Site Name/Location Name” (Non Sit/Non Anplasan) an tape “TLA Holbrook” epi apre sa klike sou bouton jòn abriko “Search” (Chèche) ki nan anba paj la. Nan “Record Type” (Tip dosye), seleksyone fichye avèk “Application Date” (Dat Aplikasyon) 8/13/2021. Aplikasyon an, dokiman sipò yo, ak PWOJÈ pèmi an ap parèt nan lyen an ble. Klike sou yon sèl lyen alafwa pou jwenn aksè nan chak dokiman apa.

MassDEP ap aksepte kòmantè alekri konsènan Enstalasyon jesyon yo pwopoze a pandan yon peryòd trant (30) jou apati dat piblikasyon Avi sa a. Yo ka soumèt Kòmantè Piblik yo ba MassDEP nan youn nan twa fason sa yo: **poste yo** ba Mark Dakers, Chief, Solid Waste Management Section,

Massachusetts Department of Environmental Protection, 20 Riverside Drive, Lakeville, MA 02347; oswa **voye yo pa imèl** ba “[sero.solidwaste@mass.gov](mailto:sero.solidwaste@mass.gov)”; oswa **soumèt yo sou Entènèt** nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/PublicApp/>. Si w vle resevwa enfòmasyon tounèf regilyèman nan imèl nan men MassDEP konsènan eta pwojè TLA-Holbrook lan, tanpri voye yon demann bay [alison.cochrane@mass.gov](mailto:alison.cochrane@mass.gov).